



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PREZANTE DISKOU ETA LETA A POU 2022 A

Ajanda "Nouvo Epòk pou New York" la Gen ladan 228 Gwo Inisyativ pou Lanse Gran Retou New York la

Plan sante ki koute 10 milya dola a pral rebati ak devlope mendèv, delivre paman dirèk bay travayè yo

Gwo refòm etik yo pral limite Ofisyèl eli yo nan tout Eta a ak de (2) manda, yo ap entèdi revni ki gen lòt sous ak ranplase JCOPE a pa yon nouvo Ajans pou Etik ki endepadan

Plan sovtaaj la ki koute plizyè milya dola a pral ede ti biznis yo rekanpe, rediksyon taks pou klas mwayèn lan pral soulaje plizyè milyon Nouyòkè

Investisman enfastrikti yo pral etann transpò nan Vil New York epi pran tèt nasyon an nan Aksyon konsènan Klima a

Diskou sou Eta Leta a disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te prezante jodi a diskou sou Eta Leta a pou ane 2022 a, kote li prezante plan li pou yon Nouvo Epòk pou New York. Gouvènè Hochul te prezante nèf eleman nan ajanda li a: rebati ekonomi swen sante nou an, pwoteje sekirite piblik la ak adrese vyolans ak zam, investi nan pèp New York, investi nan kominote New York yo, rann sistèm lojman New York la pi abòdab, ekitab, ak estab sa ki ap fè New York vini yon lidè nasyonal nan aksyon konsènan klima a ak nan djòb ekolojik yo, rebati mendèv pwofesè New York la ak reyimajine edikasyon siperyè, fè avanse plas New York kòm yon modèl nasyonl nan ekite, epi opere refòm ki enpòtan yo pou retabli konfyans Nouyòkè yo nan gouvènman yo a.

"Kòm premye fanm ki prezante yon diskou sou Eta Leta a nan New York, mwen vle rann li klè ke mwen pa jis isit la pou m fè listwa - mwen isit la pou mwen fè yon diferans", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè a rive pou yon nouvo rèv ameriken. Jodi a, nou kòmanse bati yon vèsyon ki pi bon, pi jis, pi enklizif ke mwen rele Rèv New York la. Nou pral kreye yon nouvo epòk pou New York lè nou anbake nan yon ajanda politik ki anbisyè, ki vas ki ap fè avanse repriz nou an ak retabli konfyans Nouyòkè yo nan

gouvènman. Epi atravè tout sa, mwen pral kontinye kolabore avèk lòt moun yo ak delivre rezilte pou Nouyòkè yo".

Yon Nouvo Ajanda pou New York Gouvènè Hochul la gen ladan nèf eleman ki oryante yo chak pou pote yon nouvo lavni ki pi briyan pou Eta New York.

Rebati Ekonomi Swen Sante nou an pou Bay Swen pou plis Nouyòkè

[Plan ki koute 10 milya dola pou rebati ak devlope mendèv swen sante a nan 20 pousan](#)

Sou senk pwochen ane yo, Gouvènè Hochul pral rebati devlope mendèv swen sante a nan 20 pousan. Yo pral rebati 10 milya dola nan sektè swen sante Eta a, gen ladan plis pase 4 milya pou sipòte salè ak bonis yo pou travayè swen sante yo. Anplis de sa, plan sa a pral amelyore filyè karyè a, etann aksè nan fòmasyon pou swen sante ak edikasyon, rekrute travayè swen pou zòn ki defavorize yo, ak ranfòse swen adomisil yo.

Pwoteje Sante Piblik epi Pran Gwo Mezi kont Vyolans ak Zam

[Ajanda ki gen twa pati a ap anpeche ak redwi vyolans ak zam ak krim vyolan nan tout Eta New York.](#)

Inisyativ pou sekrite piblik la pral bay fòs aplikasyon lalwa Eta a ak fòs aplikasyon lalwa lokal zouti yo nesèsè pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite kont vyalans ak zam. Plan Gouvènè a pral investi nan sekirite piblik ak finansè efò nan politik Eta a ak politik lokal yo sou sekirite zam, kreye Konsòsyòm sou Retrasaj Zam Eta yo (Interstate Gun Tracing Consortium, IGTC), ak triple investisman nan entèvansyon kominotè kont vyolans zam yo.

Investi nan Pèp New York la

[Efò nan Rediksyon Taks pou Plizyè Milye ti Biznis ak Plizyè Milyon Nouyòkè ki nan Klas Mwayèn lan](#)

Plan Gouvènè Hochul la pral akselere premyè faz 1.2 milya dola nan rediksyon taks pou klas mwayèn lan pou 6 milyon Nouyòkè disi de (2) ane - rive 2023 - ak etabli yon pwogram ranbousman taks sou pwopriyete pou 1 milya dola pou remete lajan nan pòch plis pase 2 milyon Nouyòkè ki te oblije sipòte pri ki ap ogmante yo pandan pandemi an ap pwogrese. Gouvènè a pral delivre tou yon ranbousman taks pou 2 milyon fanmi New York ak ogmante kredi enpo aktyèl la ak kreye nouvo lòt pou sipòte pwodiksyon manje. Efò Gouvènè Hochul yo pral mennen tou anviwon 100 milyon dola nan rediksyon taks pou 195,000 ti biznis nan tout Eta New York.

[Ranfòse Mendèv New York la ak Ede Devlope Ekonomi an](#)

Inisyativ ki gen sèt volè Gouvènè Hochul la pral reyòganize devlopmanm mendèv pou konsantre bezwen rejyonal yo, etann aksè pou nouvo karyè ak sèvis karyè yo, ak rekrute pwochen jenerasyon fòs travay New York la. Nan kad plan sa a, Gouvènè a pral kreye Biwo Mendèv ak Devlopman Ekonomik (Office of Workforce and Economic Development, OWED) la, ede Nouyòkè yo jere edikasyon ak karyè yo, etann aksè pou

aprantisaj, rekrute pwochen jenerasyon fonksyonè yo, etann filyè talan teknoloji Eta a, fv New York vini yon modèl nan anplwaye travayè ki gen andikap, epi pwoteje ak ranfòse dwa travayè yo.

'Prizon pou Travay (Jails to Jobs),' yon nouvo inisyativ pou amelyore re-entegrasyon nan fòs travay la ak redwi residivis

Moun ki nan prizon ak moun ki te nan prizon yo souvan abandone pou kont yo lè pou yo reyintegre sosyete a. Avèk 'pwogram 'prizon pou travay' la moun sa yo pral konekte avèk edikasyon, resous, ak opòtinite pou plasman nan travay, ki pral amelyore sekirite piblik ak redwi residivis.

Investisman nan Kominote New York yo

Pwogrese avèk Gwo Nouvo Ekspansyon Sèvis Transpò a nan Brooklyn ak Queens: Interborough Express la

Interborough Express la se yon pwojè istorik ki tap itilize dwa pasaj aktyèl Ray Tren Long Island (Long Island Rail Road) ke Pon Bay Bridge (Bay Ridge Bridge) la posede a pou konekte zòn ki manke sèvis transpò yo nan Brooklyn ak Queens. Liy sa a tap konekte vwayajè nan jiska 17 liy metwo, sa ki ap ogmante aksè nan travay ak lòt destinasyon yo. Plan Gouvènè Hochul la pou fè avanse ekspansyon an lè li bay lòd ak Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transit Authority, MTA) an pou li kòmanse pwosesis revizyon anviwònmanal la.

Plan sovtaj ki koute milya dola a pou ti biznis yo ak ranfòse repriz ekonomik New York la

Aprè difikilte ke pandemi COVID-19 la te lakòz yo, plan sovtaj Gouvènè Hochul la ki koute milyon dola a pral investi nan kwasans ak retansyon ti biznis yo alvani, kredi enpo pou ti biznis ki fè depans ki gen rapò ak COVID la, finansman inisyativ pou etabli nouvo biznis, bay sibvansyon fleksib pou ti biznis ki nan faz devlopman yo, etann prè pou ti biznis, ak ede ti biznis yo kenbe kontra yo. Gouvènè a planifye tou pou li pwopozè lejislasyon pou pèmèt definitivman lavant bwason moun pa konsome sou plas yo nan ba ak nan restoran yo.

Inisyativ 'ConnectALL (konekteTOUT)' la pou mennen bann pasant laj bay plis pase 1 milyon Nouyòkè

Pandemi COVID-19 la te ekspozè jan koneksyon bann pasant laj te inaksesib epi pa fyab pou anpil Nouyòkè, ki te oblihe toudenkou viv lavi yo atravè entènèt. Li esansyèl pou tout Nouyòkè genyen aksè ekitab nan entènèt, paske kominote ki majinalize yo plis afekte anba mank aksè ak bann pasant sa a. Inisyativ ConnectALL la ki koute 1 milya dola a pral bay bann pasant laj pou plizyè milyon Nouyòkè ak tansfòme enfrastrikti nimerik Eta a atavè investisman.

Rann Stistèm Lojman Piblik New York la pi Abòdab, Ekitab, ak Estab

Gwo Inisyativ nan tout Eta a ou pou mete fen ak kriz pwoblèm sanzabri a epi adrese pwoblèm inegalite ki la depi lontan nan zafè lojman

Sistèm lojman nou an ranpli avèk inegalite ke nou bezwen rezoud. Plan lojman Gouvènè Hochul la pral atake pwoblèm sa yo epi itilize finansman piblik pou etann opòtinite pou tout moun. Inisyativ yo ki ap etann lojman yo gen ladan itilizasyon ekip byen fòme pratiksyen sante mantal Sipò Opsyon San Danje (Safe Options Support, SOS) yo ki pral ede moun ki ap viv nan lari yo fè tranzisyon nan yon lojman estab, mete fen nan abatman taks 421-a a ak etabli yon nouvo pwogram ki pi efikas, amelyore aksè nan lojman pou lokatè ki gen dosye kriminel yo oswa istwa kredi negatif, kreye yon pwogram asistans legal pou prevni ekspilsyon, ak kreye yon inite pèmanan pou rekipirasyon ak rezilyans nan katastwòf pou rekonstriksyon kay.

Adrese kriz sòlvabilite nan lojman an nan Eta New York

Gouvènè a pral egzekite yon plan lojman global sou 5 ane, yon efò ki koute 25 milya dola pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab, gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo. Pou ogmante aksè ak sòlvabilite nan mache lojman New York la, Gouvènè Hochul a pral pran tou gwo mezi pou konstwi nouvo lojman ak ogmante dansite nan zòn iben ki apwopriye yo. Mezi sa yo gen ladan pèmèt inite lojman akseswa nan katye pou yon sèl fanmi yo, devlopman ki oryante pou tranzisyon inisyèl, sa ki ap bay Vil New York otorite pou ankouraje dansifikasyon, ak redwi restriksyon sou konvèti otèl ak biwo pou vini lojman yo.

Fè New York Vini yon Lidè Nasyonal nan Aksyon konsènan Klima a ak nan Djòb Ekolojik yo

Atenn 2 milyon kay ki ka adapte ak klima a dis 2030

Batiman yo konte pou plis pase yon tyè nan polisyon klima nan New York. Plan Gouvènè Hochul la pou atenn yon minimòm 1 milyon kay ki gen kouran ak jiska 1 milyon kay ki prè pou gen kouran ankre nan yon seri mezi lejislatif ak mezi administratif. Mezi sa yo gen ladan egzije zewo degajman gaz ki gen efè sè nan espas la pou nouvo konstriksyon yo pa pita pase 2027, bay pwogram fòmasyon ki nesèsè pou asire ke Eta a genyen yon mendèv ki kalifye pou livre sèvis sa yo, etabli yon fon pou elektrifikasyon ekolojik ak bay kouran nan kay ki gen revni atravè plan kapital lojman an, pami lòt.

Investisman 500 milyon dola, ki se lidè nan nasyon an, nan enèji ewolyèn

Gouvènè Hochul te anonse plan pou investi nan enfrastrikti ewolyèn, bay ase enèji ewolyèn pou bay kouran nan omwen 1.5 milyon kay, inisyè planifikasyon pou yon rezo transmisyon enèji ewolyèn, ak lanse Plan Prensipal Dlo Pwofon 2.0 (Master Plan 2.0 Deep Water) nan enèji ewolyèn lan. Sa pral asire ke Eta a genyen mache enèji ewolyèn ki pi solid nan fasad maritim rejyon lès la. Plan Gouvènè a pou enèji ewolyèn lan pral sipòte plis pase 6,800 djòb, yon enpak ekonomik konbine pou 12.1 milya dola nan tout Eta a, ak plis pase 4.3 jigawat enèji, ase pou bay kouran ak prèske 3 milyon kay nan New York.

Rebati Sistèm Lekòl New York la ak Reyimajine Edikasyon Siperyè

Investi nan Etidyan, Pwofesè ak Lekòl New York yo

Pou rebati mendèv travay New York la, Gouvènè Hochul planifye pou mete aksan ou rekritman ak kenbe pwofesè yo nan tout Eta a. Gouvènè a pral pran mezi tou pou akselere pwosesis sètifikasyon pwofesè o ak ogmante finansman pou edikasyon soti kindergarten rive nan klas 12yèm. Plan sa a gen ladan tou bay ankourajman pou pwofesè ak travayè lekòl yo, bay sibvansyon pou aprantisaj ak sante mantal, kreye yon pwogram rezidans pou pwofesè Eta a, ak amelyore konpetans travayè ki sipòte pwofesè yo pou yo ka jwenn sètifikasyon.

Ogmante Aksè pou Gadri pou 100,000 Fanmi ak Envesti 75 milyon dola nan Salè pou Travayè Gadri yo

Gadri abòdab yo esansyèl pou bay timoun yo pi bon chans posib nan siksè pandan yo ap bay paran yo kapasite pou yo patisipe nan mendèv la. Pandan ke Gouvènè Hochul kwè ke gouvènman federal la dwe adopte Rebat Pi Byen (Build Back Better) an pou etann kouvèti gadri pou fanmi New York yo; si yo pa fè sa, li pral pwopoze yon pwolongasyon nan aksè pou gadri. Sa pral afekte 100,000 fanmi nan tout New York nan ogmante elijibilite soti 200 pousan nan liy povrete federal la pou rive 225 pousan. Plan Gouvènè a gen ladan 75 milyon dola nan pi bon peman pou travayè gadri.

[Revitalize SUNY ak Sekirize Plas li nan Enstitisyon Edikasyon Siperyè ki Gen Rekonesans Mondyalman yo](#)

Plan Gouvènè Hochul la pou revitalize Sistèm Inivèsite Eta New York la vas anpil epi li gran. Plan an gen ladan rann enstitisyon an yon lidè mondya nan rechèch ak inovasyon, asire ke SUNY byen desvèvi etidyan yo, ak priorize egalite andedan sistèm SUNY an. Transfòmasyon sa a pral mete etidyan yo sou wout pou siksè epi konsantre sou ekite dekwa pou tout moun kapab pwospere avèk yon edikasyon nan SUNY.

Fè Avanse Plas New York kòm yon Modèl Nasyon nan Ekite

[Ajanda Ekite a ap Pwomouvwa Anti-Rayisans, Ekite Rasyal, ak Jisits pou Tout Nouyòkè](#)

Ajanda Ekite a pral fè avanse yon plan ki vas anpil pou pwomouvwa ak sipòte egalite ant sèks yo, ekite rasyal, anti-rayisans, jistis sosyal, kominote LGBTQ+ la, imigran ak moun ki fèk rive yo, ak veteran yo avèk objektif pou pwoteje sante, sekirite, opòtinite ekonomik yo, ak diyite chak Nouyòkè—an brèf, pou rann Rv New York la yon reyalite.

Fè Refòm ki Enpòtan pou Restore Konfyans Nouyòkè yo nan Gouvènman yo a.

[Pwopoze Amanman Konstitisyonèl pou Limiite Ofisyèl Eli yo nan tout Eta a ak de \(2\) Manda epi Entèdi Revni ki gen lòt Sous yo.](#)

Lè li entwodwi yon amanman konstitisyonèl, Gouvènè Hochul planifye pou limite wòl Gouvènè a, Gouvènè Adjwen an, Pwokirè Jeneral la, ak Kontwolè a ak de (2) manda konsekitif. Gouvènè a pral pwopoze tou lejislasyon pou enpoze yon entèdiksyon sou revni eksteryè pou menm ofisyèl eli yo nan tout Eta a, ak yon eksepsyon pou pozisyon akademik ki dwe resevwa apwobasyon konsèy etik.

[Ranplase JCOPE la pa yon Nouvo Ajans pou Etik ki Endepandan](#)

Pou restore konfyans moun yo nan gouvènman yo a, Gouvènè Hochul planifye pou li entwodwi lejislasyon pou abwoje ak ranplase Komisyon Konjwen sou Etik Piblik (Joint Commission on Public Ethics, JCOPE) la pa yon antite sou etik ki vrèman endepandan ak transparan. Antite sa a pral soumèt li anba demann Lwa sou Libète Enfòmasyon (Freedom of Information Lwa, FOIL) an ak Lwa sou Reyinyon Piblik (Open Meeting Law) la, sa ki ap ogmante ak amelyore transparans. Plan sa a pral entèdi tou kominikasyon ki soti deyò dekwa pou yo ka entèdi manm antite a patisipe nan kominikasyon nan non lòt pati konsènan nenpòt ankèt potansyèl oswa ki ankou.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)